

DEFANSÈ POU BIZNIS

Komisyon Konpansasyon Travayè Defansè pou Biznis

328 State Street
Schenectady, NY 12305
(877) 632-4996
AdvocateBusiness@wcb.ny.gov

Defansè pou Biznis (Advocate for Business) bay prezantasyon edikasyonèl sou sijè ki enpòtan pou biznis yo, tankou responsablite yon patwon ak egzijans pou gen asirans, ak rediksyon frè pou peye pa mwa ak sanksyon yo. Rele oswa voye yon imèl pou pran randevou pou yon prezantasyon.

Defansè pou Biznis (Advocate of Business) se lyezon ant kominote biznis New York ak Komisyon Konpansasyon Travayè, ki bay patwon yo yon kote pou yo pran kontak pou yo jwenn repons pou kesyon yo genyen sou konpansasyon travayè. Defans pou Biznis

- Ede biznis ki gen pwoblèm pwoteksyon asirans ak konfòmite avèk Lwa sou Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Law);
- Edike patwon yo ak anplwaye gouvènman sou fason sistèm konpansasyon travayè fonksyone ak sou responsablite; epitou
- Rankontre avèk asosyasyon biznis ak gwoup patwon yo pou koute enkyetid yo genyen konsènan konpansasyon travayè, pou rapòte enkyetid yo ba Komisyon Konpansasyon Travayè, epitou pou ofri solisyon posib.

Defans pou Biznis travay avèk patwon tout dimansyon nan tout endistri yo, sitou pwopriyetè ti biznis yo, avèk pwoblèm yo pa t kapab rezoud lòt kote.



Kontakte Defans pou Biznis pou jwenn enfòmasyon sou biznis ou ak sou konpansasyon travayè:

(877) 632-4996

Lè w ap rele, tanpri mete enfòmasyon ki endike anba la yo disponib:

- Non Konpayi an Okonplè
- Moun pou Kontakte, Nimewo Telefòn ak Adrès Imèl
- Konpayi Asirans ak Nimewo Kontra
- Nimewo Idantifikasyon Federal Patwon oswa Nimewo WCB Patwon
- Yon Ti Deskripsyon Pwoblèm nan ak nenpòt Lèt ou te Resevwa

YO DWE BAY ASIRANS POU:

Travayè nan tout biznis ki pa komèsyal

Travayè nan kay, bebisitè, konpayon ak bòn k ap viv nan kay ki travay pandan 40 èdtan pa semèn nan yon kay

Travayè agrikòl ki gen patwon yo ki touche \$1,200 dola oswa plis pou travay agrikòl pou ane sivil anvan an

Pifò travayè touche konpansasyon yon òganizasyon ki pa komèsyal

Nenpòt lòt travayè Komisyon Konpansasyon Travayè detèmine ki se yon anplwaye

MOUN KI PA BEZWEN ASIRANS:

Antrepriz endividyèl yo

Moun ki nan patenarya yo

Moun ki nan antrepriz ki gen yon moun oswa de (2) moun kote moun nan (yo) posede tout aksyon yo (omwen yon aksyon pou yo chak nan antrepriz ki gen de moun yo) epi ki gen tout fonksyon antrepriz la si antrepriz la pa gen anplwaye

Pwopriyetè biznis yo kapab toujou mete tèt yo nan yon kontra.

Lè yon Aksidan Rive

Lè gen yon aksidan nan espas travay la, patwon an ta dwe:

- Rapòte aksidan an ba konpayi asirans lan imedyatman;
- Mennen yon ankèt sou sa ki lakòz aksidan an; epi
- Koriye danje pou sekirite anplwaye yo.

Patwon yo kapab toujou rete an kontak avèk travayè ki pran chòk la pandan l ap geri. Avantaj pou salè anplwaye a pèdi dwe kòmanse nan 18 jou apre li pran chòk la, kèlkeswa sa ki rive pi ta. Si ou rapòte yon aksidan an reta sa kapab lakòz avantaj yo kòmanse pi ta pase peryòd tan nou aksepte a, ki kapab lakòz ou tonbe anba sanksyon. Etid yo montre si ou rapòte yon aksidan rapid epi alè, sa ap finalman redui frè pou konpansasyon travayè a.

Patwon yo Dwe Gen Asirans Konpansasyon Travayè ak Asirans pou Andikap

Asirans konpansasyon travayè bay avantaj pou anplwaye ki pran chòk nan travay epitou li pwoteje patwon yo kont responsablite. Patwon ki pa gen asirans konpansasyon travayè ak asirans pou andikap ap tonbe anba sanksyon finansye; li posib tou pou yo tonbe anba sanksyon kriminel ak sanksyon sivil. Gen sanksyon tou si yon patwon fè espere epi si li konnen:

- Sou-estime oswa kache pewòl la.
- Bay fo enfòmasyon oswa kache responsablite anplwaye yo pou evite yon bon jan klasman pou kalkil frè pou peye pa mwa.

Komisyon an ka bay yon lòd pou sispann travay pou nenpòt patwon k ap opere san pwoteksyon asirans konpansasyon travayè ki obligatwa, oswa ki pa peye sanksyon yo (sof si kote yo pa konfòme yo konsène sèlman travayè swen nan kay oswa gadri). Lè patwon an pran asirans epi li antre yon plan peman avèk Komisyon an, yon pwen final nan sispansyon lòd pou travay la ap posib.

Defansè pou Biznis (Advocate for Business) bay prezantasyon sou sijè ki enpòtan pou biznis tankou responsablite yon patwon ak egzijans pou gen asirans. Pou pran randevou pou yon sesyon edikasyonèl, rele nimewo **(877) 632-4996** oswa voye yon imèl ba AdvocateBusiness@wcb.ny.gov